

Laktasyon apre w Pèdi Pitit



Aprè li pèdi yon pitit li, li posib pou manman an fè lèt apre 16 semèn jestasyon. San kèk fòm ekspresyon lèt, ou kapab genyen malalèz nan sen yo.

Tanpri konnen ou pa pou kò ou. Nou swete sa a pral ba w kèk konfò pandan moman difisil sa a. Ou gen opsyon pou lèt tete w.

Seche Founiti W

- Sèlman ekspri lèt si w santi malalèz
- Mete yon bagay glase sou li pou li bese anfle a
- Se pou w genyen bon jan soutyen pou sen yo, eseye yon soutyen spò ki konfòtab ak sipòtif
- Mete ti sèvyèt oubyen kousen pou sen yo andedan soutyen w pou li atrape lèt k ap koule
- Kontakte The Milk Bank pou èd pou seche founiti w

Done an Onè

- Ou gen dwa chwazi done lèt an onè bebe w
- Ponpe ak men w oubyen sèvi ak yon ponp sen pou lache lèt
- Pi souvan ou ekspri lèt, plis lèt ou ka pwodwi
- Pwogram sa a kapab konekte w dirèkteman avèk The Milk Bank pou w ka devni donatè

Si w te pèdi pitit nan vant epi asirans ou p ap kouvri yon ponp sen, tanpri kontakte nou pou mande pou youn. Si w ta renmen devni donatè epi ou genyen pwòp ponp sen pa w, tanpri voye imèl ban nou pou tanmen pwosesis la. Si w pa vle done ou ka toujou mande yon ponp epi jwenn sipò pou alètman nan men The Milk Bank.

Ou kapab toujou elijib pou benefis nan pwogram Women, Infants, and Children (WIC), sipò pou alètman ladan l tou, pandan jiska sis mwa apre akouchman w. Tanpri kontakte nou ak tout kesyon: [1-800-522-0874](tel:1-800-522-0874) oubyen jwenn klinik WIC lokal ou a sou wic.in.gov.

Epi tou, The Milk Bank ofri sipò alètman gratis pou tout manman yo. Rele gratis nan 877-829-7470

Kit ou chwazi seche founiti w oubyen done lèt ou, the Milk Bank ak Ministè Sante Indiana a la pou nou soutni w!

Revizyon Mòtalite Tibebe Fetal

Revizyon Mòtalite Tibebe Fetal la (*Fetal Infant Mortality Review*) (FIMR) se yon pwogram kominotè ki revize lanmò nan akouchman ak tibebe. Revizyon an mennen nan rekòmandasyon nou mete an plas nan kominote a pou anpeche nou pèdi plis bebe nan lavni a. Yon pati nan pwosesis la se yon entèvyou matènèl oubyen fanmi, ki bay fanmi yo tan pou yo pataje istwa pa yo epi bay rekòmandasyon pou amelyore sityasyon an pou lòt moun.

Pwogram Laktasyon Apre W Pèdi Pitit la soti nan entèvyou matènèl nou te fè avèk de fanmi nan Indiana. Fanmi Poindexter a te pataje istwa pa yo sou pèt pa yo a. Skane kòd QR anba a pou tande eksperyans pa yo ak kijan desizyon yo te ede enspire pwogram sa a.

Skane pou tande istwa yo



Enfòmasyon Kontak

Ministè Sante Indiana

Imèl: IDOHFIMR@health.in.gov

WIC: 1-800-522-0874

Imèl: INWIC@health.in.gov

The Milk Bank

317-536-1670

877-829-7470 (apèl gratis)

Tanpri skane kòd QR sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis dèy The Milk Bank



Pou plis enfòmasyon sou Laktasyon Apre w Pèdi Pitit tanpri voye imèl nan IDOHFIMR@health.in.gov

